ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№237 (21.895)● 2010 гъэм дыгъэгъаззм (декабрым) и 17, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Верещагин Сергей къыддэIэпыкъуну дыкъегъэгугъэ

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

УФ-м щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и министрым и къуэдзэ - УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и министерствэм и ЩIыналъэ управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщI Верещагин Сергей я пашэу, министерствэм и лэжьакIуэ гуп Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэкIуащ. Делегацэм и унафэщIыр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хуэзащ, республикэм и Правительствэм хэтхэм епсэльащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащ-хьэм и дежи щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щагъэзэщIну проект нэхьащхьэхэм къэрал инвестицэхэр кьаухэущIэгъэуIуэным, Верещагин Сергей зэрэщкIамкIэ, апхуэдэ проект зыбжанэ кьыхагъэщхьэхукIащ, абыхэм папщIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и инвестицэ фондым и мылькуу сом меларди 6 кьаутIыпщынущ.

Кьанокъуэ Арсен кьыIэрильытэмкIэ, гулыитэ хэха хуэщIыпхьащ «КъуэкIыпIэ» псэупIэ хьэблэщIэм и инфраструктурэр зэтетхъуэрвным, узыншагъэр хьумэн Iэнатlэр кьэгъэщIэрэщIэжьнымкIэ программэм хиубыдэ ухуэзыгъэхэм, апхуэдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр щыукъуэдиныим.

ЗэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ **Жамборэ Владимирр**э КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп э кьуэдзэ **Абрэдж Iэндибрэ**.

Федеральнэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм я финанс, кьызэгъэпэщныгъэ дэIепыкъуныгъэр къыщIгъэсэбэпыпхьэ проектхэмрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхуэхэмрэ ятеухуэ псальэмакъым щыпащащ КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зэIущIэм. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий**апхуэдэ проектхэм ящыщу нэхьыщхьэ дыдэу кьиныгъащ Нальшык кардиохирургие центр дэщIыхьыныр. Министрым зэрыжиIамкIэ, зигур операцэ ящыщ хуейхэр иджыпсту федеральнэ центрхэм ягъакIуэ. Ауэ, статистикэр кьапщтэмэ, абы кьыхэзгъэтымкIэ, щыхуэхэр зэрыпIыкI узыфэхэм ящыщу яп э итыр гулыитхэуэ узыфэхэрщ. Урысейм и Президент Медведев Дмитрий УФ-м Узыншагъэр хьумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и Iэтащхьэм мы Iуэхуэ унафэ тращIыхьыну хуигъэуващ, ауэ лэжьыгъэхэр кIыхьлIыхь мэхьу.

Верещагин Сергей зыхуэфащэ проект-сметэ документацэр гъэхъэзырын зэрыхуейр кьыхигъэщрн, а проектыр пхыгъэкIыныжмкIэ республикэм кьыдэIэпыкъуну кьиныгъугъащ кьызэхуэсахэр.

Псальэмакъ щхьэхуэ екIуэкIащ Театрхэм я унэщхэр нэгъэсыжын зэрыхуэнгъ теухуауэ: мы ухуэзыгъэм текIуэдэну ахъшэр яубзыхуэ пIалъэхэм кьыззрамыутIыпщым кьыхэкIыу, проектым и уасэм зэпымыууэ хохьуэ. Арэ сом мелуан 450-м кьинЩыну кьалытагъэ щытащ, ауэ лэжьыгъэхэр кIыхьлIыхь зэращIам кьыхэкIыу сом мелуан 868-рэ хуэдиз текIуэдэнущ.

Мусуков Алий кьыхилъхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ зэгъэужьыным хиубыдэ проект зыбжанэ. Абыхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ дзкIа кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр укъуэдиныр (япэ Iыхьитlым ахъшэ кьыхуауТIыпщащ «Русей Ипщ» федеральнэ программэм хэхам хиубыдэу, ещанэ Iыхьэр щыным республикэм сом мелуани 173-рэ хильхьащ, ауэ ар нагъэсын папщIэ иджыри сом мелуан 459-рэ хуейщ), сом меларди 2,6-рэ зи уасэ «Азау» бгы-льжэ комплексыр ухуэныр, иджыпей металлургие Iуэхуэщ1апIэ Тырныауэ кьалэм кьыщыззэпэлъэщыныр (абы сом меларди 7 ихьынущ).

Зэпкърыхауэ хэпльащ «Къуэкьпи» псэупIэ хьэблэщIэм инженер сетхэр щыукъуэдиныим кьэралым и ахъшэ хуэхэныим. Правительствэм чэнджэщ ираташ абы и проект-сметэ документацэм елэжьыкыну икIи Инвестицэ фондым хуигъэхьын папщIэ кьытригъэззэжу лъэIу игъэхьэзырыну.

Мусуков Алий апхуэдэу кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьрилъхьащ Iэдииху пIелкэм еджапIэ дэщIыхьыным, псы фIейр щагъэжабзэ, щагъэкабзэ Iуэхущ1апIэу Нарткъалэ щыIэм зегъэубгъуным, хьэрычэт Iуэху щыкIумрэ курытымрэ я Iэнатlэхэм банкхэм кьыIах щыхуэхэм проценткIэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ яхуэпшыныным, нэгъуэщIхэми япыщIа Iуэхуэхэр. ЗэкIэ унафэншэу кьоно э республикэм и псы Iуфэхэр эрагъэбыда ухуэныгъэу 70-м ящыщу 48-р федеральнэ мылькум хэгъэхьыным теухуауэ кьаIэтауэ щыта Iуэхуэхэр.

Верещагин Сергей гулыитэшхуэ хуищIащ творческэ Iэщ1агъэм и рилажьхэмрэ щэнхабзэм и Iэнатlэхэм гъэпщIэнрэ ядэIэпыкъуным теухуа проектхэм. Абыхэм ящыщщ къэбэрдей студием и студентхэр Щукиным и цIэкIэ щыIэ театр еджапIэм, балькъэр студием и студентхэр Театр гъэуджэкIмэ къэрал институтым щегъэджэкныр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фыирэ Руслан**кIэ Iуащ еджакIуэ ягъакIуэхэм кьагъэззэжа нэужь, псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщыкIын папщIэ фэтэр куэд хьу унэ кьегъэжьэным ящыщ Iуэхуэхэм егупсыжащ. А Iуэхуэхэр Верещагин Сергей диныIащ.

Министрым и къуэдзэм республикэм щрагъэжьауэ Iуэхуныгъэхэр махуитIкIэ кьызэхикIуэкащ. Абы щыхуэфащэ кьулыкъущIэхэм чэнджэщ яритащ зэIубз ямыщIа Iуэху псоми ятеуха документхэр ягъэхьэзырыну, апхуэдэу Правительствэм хэтхэм я зэIущIэм щыщыхэпльа проектхэр щыгъэпкрыха тхыгъэ хуагъэхьэзырыну.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.



рыIуэныгъэхэр ирищIыдащ.

«СТРОЙМЕХКОМПЛЕКТ» Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэр зыхуэунэтIар щыгъэпщэжхэр, химие продуктэр, автотранспорт Iэмэпсымэхэр оптовэ уасэкIэ щэнырщ.

Дэфтэрым Iэ щIрагъэдз

АБХЪАЗ. ***Кавказым щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэжыным хуэлажьэ. Европэм и Iыхьлыгъэ Норвегиер Пьер Куржым и президент Саакашвили Михаил Iэ щIидзыну хунгъэуващ Осетие Ипщэмрэ Абхъазым зэрытемыуэнымкIэ щэсыпIэ зэрихьэ дзэгъэрыкI. Ар къэрикIуащ кьржы унафэщIым и псалъэхэр Европей союзым и фIэщ зэрымыхъум.***

МОРРЕЛЬ Пьер зэрыжиIэмкIэ, илъэс и пэкIэ апхуэдэ Iуэху кьыхалъхьану Iэмал яIакъым. Иджы ар зэфIэхыныжмкIэ сэбэп хъуащ Женевэ щекIуэкIа зэпсэльэныгъэхэм кьрикIуаХэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щыгъуэ псалъэхэр

УФ-м и Президентыр Пщыхьэщ1э Iэнас и Iыхьлыхэм къахуогузавэ

Медведев Дмитрий республикэм и муфтий Пщыхьэщ1э Iэнас зэрауклам кьыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и ублагъэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусЪыимэн псоми къахуогузавэщ.

УРЫСЕЙМ и Президентым кьыхигъэщхьэхуэкIащ «ар цIыху цIэрыIуэу, пщIэшхуэ зиIэ, кьимыкIуэтыжу экстремизмэм пэщIэт Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм я хэхам хиубыдэу, ещанэ Iыхьэр щыным республикэм сом мелуани 173-рэ хильхьащ, ауэ ар нагъэсын папщIэ иджыри сом мелуан 459-рэ хуейщ), сом меларди 2,6-рэ зи уасэ «Азау» бгы-льжэ комплексыр ухуэныр, иджыпей металлургие Iуэхущ1апIэ Тырныауэ кьалэм кьыщыззэпэлъэщыныр (абы сом меларди 7 ихьынущ).

Зэпкърыхауэ хэпльащ «Къуэкьпи» псэупIэ хьэблэщIэм инженер сетхэр щыукъуэдиныим кьэралым и ахъшэ хуэхэныим. Правительствэм чэнджэщ ираташ абы и проект-сметэ документацэм елэжьыкыну икIи Инвестицэ фондым хуигъэхьын папщIэ кьытригъэззэжу лъэIу игъэхьэзырыну.

Мусуков Алий апхуэдэу кьызэхуэсахэм я пащхьэм кьрилъхьащ Iэдииху пIелкэм еджапIэ дэщIыхьыным, псы фIейр щагъэжабзэ, щагъэкабзэ Iуэхущ1апIэу Нарткъалэ щыIэм зегъэубгъуным, хьэрычэт Iуэху щыкIумрэ курытымрэ я Iэнатlэхэм банкхэм кьыIах щыхуэхэм проценткIэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэ яхуэпшыныным, нэгъуэщIхэми япыщIа Iуэхуэхэр. ЗэкIэ унафэншэу кьоно э республикэм и псы Iуфэхэр эрагъэбыда ухуэныгъэу 70-м ящыщу 48-р федеральнэ мылькум хэгъэхьыным теухуауэ кьаIэтауэ щыта Iуэхуэхэр.

Верещагин Сергей гулыитэшхуэ хуищIащ творческэ Iэщ1агъэм и рилажьхэмрэ щэнхабзэм и Iэнатlэхэм гъэпщIэнрэ ядэIэпыкъуным теухуа проектхэм. Абыхэм ящыщщ къэбэрдей студием и студентхэр Щукиным и цIэкIэ щыIэ театр еджапIэм, балькъэр студием и студентхэр Театр гъэуджэкIмэ къэрал институтым щегъэджэкныр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фыирэ Руслан**кIэ Iуащ еджакIуэ ягъакIуэхэм кьагъэззэжа нэужь, псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщыкIын папщIэ фэтэр куэд хьу унэ кьегъэжьэным ящыщ Iуэхуэхэм егупсыжащ. А Iуэхуэхэр Верещагин Сергей диныIащ.

Министрым и къуэдзэм республикэм щрагъэжьауэ Iуэхуныгъэхэр махуитIкIэ кьызэхикIуэкащ. Абы щыхуэфащэ кьулыкъущIэхэм чэнджэщ яритащ зэIубз ямыщIа Iуэху псоми ятеуха документхэр ягъэхьэзырыну, апхуэдэу Правительствэм хэтхэм я зэIущIэм щыщыхэпльа проектхэр щыгъэпкрыха тхыгъэ хуагъэхьэзырыну.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Террорым дыпэщIэтын папщIэ, дэ дызэкъуэувэн хуейщ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ хэтащ республикэм и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр щыщIалъхьэм.

РЕСПУБЛИКЭМИ абы и щIыбкIи пщIэшхуэ щызыIа дин лэжьакIуэм и дыуэщIым цIыху миныМ нэблагъэ къэкIуэлIащ. Абы хэмэ яхэтащ Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и президент Эбзеев Борис, Кавказ Ищхьэрэм и МусЪымэнхэм я зэзэгъэуIуэ центрым и унафэщI Бердиев Исмэхьил, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ лЫыкIуэхэр.

«Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр кьикIуэт имыIэу экстремизмэм пэщIэтащ икIи и гъащIэр абы щIитащ. Ауэ мы хьэкIэжхэ щIэкIуэт имыIэу зэрыгъуэгурыкIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ **Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр** щыIэ. Уеблэмэ ящыныкъуэхэм деж занщIэу кьыбгурыIуэрэкъым ахэр зищIысыр. Ауэ жэщым кIуэуэ муфтийр зыуэкIым сыт хуэжьIэнур?», - кьыхигъэщхьэхуакIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Апхуэдэу абы жиIащ республикэм и властхэр хэкIуэдам и унагъуэм сыткIи зэрыдэIэпыкъунур.

Збзеев Борис муфтийр «щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, напэрэ псэ кьабзэрэ зиIэ цIыху зэрыщытар, абы и псалъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, къэрал псом Iуэхуэхэр щыIуу зэрекIуэкIар» кьигъэлъэгъуащ.

«Алыхьыр я тегъэщIапIэу цIыху зыуэкIэм я псэм ДыхьэзыгъэщIар хэлъхьэм, абы и Iэужьхэми щIэ лъэпкъ хуащIыркъым», - жиIащ Къэрэшей-Щэрджэсым и Iэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтий Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр дыгъуасэ Наллышк щыщIалъхьащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ щыпсэу мусЪымэнхэм икъуэкIэ гущIыхьэ ящыхьуащ ди къуэш, муфтий Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр зэрыхэкIуэдар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэм я цIыхубэм ящIыгъуу дэри дощыгъуэ.

Iэнас-хьэжьм и гъащIэ цIыщIэр хуигъэпсащ ди цIыхухэм кьадекIуэкIислъам динир Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщытму Кавказ Ищхьэрэм щызэтеГъуэжьыным. Гурэ псэкIэ ппэгъунэгъу цIыхур дунейм щехьэжьм и деж гуущ, ауэ псори зи Iэужьыгъуэм итырщ. ИкIи дунейм ехьжам гущIэгъу кьыхуиущIыну дэ псори Алыхьым щыпсэлъэу.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ и мусЪымэн псоми я цIыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэхуэм, дуней ехьжам и гущIэгъу кьыхуиущIыну дэ псори Алыхьым щыпсэлъэу.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ и мусЪымэн псоми я цIыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэхуэм, ди къуэш, муфтий Пщыхьэщ1э Iэнас-хьэжьыр зэрыхэкIуэдар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэм я цIыхубэм ящIыгъуу дэри дощыгъуэ.

Iэнас-хьэжьм и гъащIэ цIыщIэр хуигъэпсащ ди цIыхухэм кьадекIуэкIислъам динир Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщытму Кавказ Ищхьэрэм щызэтеГъуэжьыным.

Гурэ псэкIэ ппэгъунэгъу цIыхур дунейм щехьэжьм и деж гуущ, ауэ псори зи Iэужьыгъуэм итырщ. ИкIи дунейм ехьжам гущIэгъу кьыхуиущIыну дэ псори Алыхьым щыпсэлъэу.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ и мусЪымэн псоми я цIыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэхуэм, дуней ехьжам и гущIэгъу кьыхуиущIыну дэ псори Алыхьым щыпсэлъэу.

КIПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и деж

ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ!

Республикэм ис псоми сахуогузавэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Iэнас. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а щIэпхъаджагъэр щалэжьа щIыпIэм зимыIэжьэу абы щIитащ. Ауэ мы хьэкIэжхэуэкIагъэр зэхэзыщIыхьахэр щремыгугъ ди республикэм, зэрыщытму Кавказ Ищхьэрэм мамырыгъэмрэ зызэхэщIыкIынымрэ я гъуэгум тетУ зэрызауэжыр щхьэзтрагъэувыIэфыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэр зэрыхэкIуэдар ар зыщIыхуу щыта псоми къытехьэлъащ. Сэ ПщыхьэщIэ Iэнас-хьэжьым и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ, мусЪымэн динир зыIыгъэм, лъэпкъ куэд зэрыс Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми сахуогузавэ. А щIэпхъаджагъэмкIэ ди жылагъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм къытпэщIэувэу аращ. Дэ ди къалэнщ дызэкъуэувэу щIэпхъаджащIэхэр жэуапым етышIэну. Ахэр Iэмал имыIэу кьафIэузэтынущ икIи законым тету тезэрыткIий яхьынущ».

Ди къалэн нэхъыщхьэр

ВЭСЭМАХУЭ пщыхьэщхьэм яукIащ КъБР-м и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Iэнас. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а щIэпхъаджагъэр щалэжьа щIыпIэм зимыIэжьэу абы щIитащ. Ауэ мы хьэкIэжхэуэкIагъэр зэхэзыщIыхьахэр щремыгугъ ди республикэм, зэрыщытму Кавказ Ищхьэрэм мамырыгъэмрэ зызэхэщIыкIынымрэ я гъуэгум тетУ зэрызауэжыр щхьэзтрагъэувыIэфыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэр зэрыхэкIуэдар ар зыщIыхуу щыта псоми къытехьэлъащ. Сэ ПщыхьэщIэ Iэнас-хьэжьым и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ, мусЪымэн динир зыIыгъэм, лъэпкъ куэд зэрыс Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми сахуогузавэ. А щIэпхъаджагъэмкIэ ди жылагъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм къытпэщIэувэу аращ. Дэ ди къалэнщ дызэкъуэувэу щIэпхъаджащIэхэр жэуапым етышIэну. Ахэр Iэмал имыIэу кьафIэузэтынущ икIи законым тету тезэрыткIий яхьынущ».

Ди къалэн нэхъыщхьэр

ВЭСЭМАХУЭ пщыхьэщхьэм яукIащ КъБР-м и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Iэнас. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а щIэпхъаджагъэр щалэжьа щIыпIэм зимыIэжьэу абы щIитащ. Ауэ мы хьэкIэжхэуэкIагъэр зэхэзыщIыхьахэр щремыгугъ ди республикэм, зэрыщытму Кавказ Ищхьэрэм мамырыгъэмрэ зызэхэщIыкIынымрэ я гъуэгум тетУ зэрызауэжыр щхьэзтрагъэувыIэфыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэр зэрыхэкIуэдар ар зыщIыхуу щыта псоми къытехьэлъащ. Сэ ПщыхьэщIэ Iэнас-хьэжьым и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ, мусЪымэн динир зыIыгъэм, лъэпкъ куэд зэрыс Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми сахуогузавэ. А щIэпхъаджагъэмкIэ ди жылагъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм къытпэщIэувэу аращ. Дэ ди къалэнщ дызэкъуэувэу щIэпхъаджащIэхэр жэуапым етышIэну. Ахэр Iэмал имыIэу кьафIэузэтынущ икIи законым тету тезэрыткIий яхьынущ».

Терроризмэм и Iуэхущ1апIэ

Узыншагъэм и Iуэхущ1апIэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и къалащхьэ Мейкьуапэ къыщыIэзIуахащ УзыншагъэмкIэ яп э сабий центр. Республикэ сымаджэщым хэт а Iуэхущ1апIэм метр зэфIэхуэнатIэу 100 къэзыуфыц пшIыпIэ хуэхащ, иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къыззрагъэпэщащ.***

А Iуэхущ1апIэр къыззгъэпэщыным федеральнэ мылькуу сом мелуан 1,7-рэ, республикэ бюджетым кьыхэхкIыу сом мин 300 трагъэкIуэдащ.

Зэгурыуэныгъэ зэращIылIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«МАКС» Страховой компаниемкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ и къудамэм «Стройнехкомплект» ООО-м и сом мелуани 120-рэ зыпэмкIэ страховой зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ щыIащ.***

Дзэ щIрагъэдз

АБХЪАЗ. ***Кавказым щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэжыным хуэлажьэ. Европэм и Iыхьлыгъэ Норвегиер Пьер Куржым и президент Саакашвили Михаил Iэ щIидзыну хунгъэуващ Осетие Ипщэмрэ Абхъазым зэрытемыуэнымкIэ щэсыпIэ зэрихьэ дзэгъэрыкI. Ар къэрикIуащ кьржы унафэщIым и псалъэхэр Европей союзым и фIэщ зэрымыхъум.***

МОРРЕЛЬ Пьер зэрыжиIэмкIэ, илъэс и пэкIэ апхуэдэ Iуэху кьыхалъхьану Iэмал яIакъым. Иджы ар зэфIэхыныжмкIэ сэбэп хъуащ Женевэ щекIуэкIа зэпсэльэныгъэхэм кьрикIуаХэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм дыгъэгъаззм и 15-м *№533-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Iэнас Мусэ и къуэр зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу ар щIэлъхьэнымкIэ Правительствэм и комиссэ кьызэгъэпэщым, мы къыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр (*Комиссэм и унафэщIщ*)

Быкъыш Р. Хь. - къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм и къуэдзэр

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хьумэнымкIэ и министрым и къэралэнр зыгъэзащIэр

Вэрокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ щэнхабзэ фондым и тхьэмадэр

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусЪымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэм и къуэдзэр

Зумакулов Б. М. - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр

Къудей А. М. - Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэм Гъэрпхэм шынагъэншэу щызекIуэкIмкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщIыр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгъэзынагъэхэм ядэIэжьэныжмкIэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащIэр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Фыирэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Хьэгъэз З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ

АБРЭДЖ Iэдиб

Узыф шынагъуэ

«Франс-Пресс» хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм Иракым и властыр и тегъэщIапIэу къыззритымкIэ, Аль-Каидэ» дунейпкъ терроризм зэгъэзынымрэ зегъэкъуэзыр ильэсыщIэ махуэхэм США-ми Европэми теракт хэр щилэжьыну.

Иракым къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ и министр Джавад аль-Болани зэрыжиIэмкIэ, иужьрей тхьэмахуитIым кьрихьыдэу Iасхэщ1ащ Iуэхущ1апIэхэм «Аль-Каидэ»-м щыщу яубыдащ щIыху 73-рэ. Абыхэм ящыщ зыбжанэм зыкъыаумысыжащ теракт хэр зэхъэзырыным пыщIа Iуэхуэр зэхъэнкIащ Iуэр зэрыщытамкIэ. Иракым къэрал щIыбгъ IуэхуэхмкIэ и министр Зебари Хошияр щыхьэт техьуащ а хъыбарыр зэрыпэжым икIи шынагъуэр егъэлеяуэ зэрыныным.

А министрхэм къаIэрыхьа хъыбарыр Iэщ1ал ъхьащ Интерполым, США-мрэ европей къэралхэмрэ я МИД-хэм.

Гъэр ящIа зыбжанэм зэраIуатэмкIэ, ахэр «Аль-Каидэ»-м и унафэщI гупхэм ящыщщ, дунейпсо терроризм зэгухьэныгъэм и центрым кьыбгъэдэкI унафэхэр къаIэрыхьэу. А центрым Пакистаным и ищхьэрэ щIыналъэхэмкIэ зыщIэгъэщкIуу жаIэ.

Яубыда террористхэм жаIэ псом и пэжыпIэр къэпхутэну гугъущ, ауэ илъэсыщIэ махуэхэм дэтхэнэ къэралми и хабзэхъэмэ Iуэхущ1апIэхэр арыншауи нэхъ хэкъуэуэ мэлажь .

Узыф шынагъуэ

«Франс-Пресс» хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм кьызэриты мкIэ, жэпуэгъуэ льандэрэ Гантим щытепщ тало узыфэм идыкIащ щIыхь 2400-м щIигъу.

Дохутырхэм зэрамыгугъауэ, абы а къэралым зыщIыбгъу эпыщ.

Гантим узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм кьызэриты мкIэ, нобэ а узыр япкърытщ щIыху 109.196-м. Сымаджэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр зы пIалъэ кIэщIкIэ нэхъ хуэм хъуат, ауэ иужьрей махуэхэм талом щIэгъэхуэбжьауэ зиубгъун щIидзэжащ.

Куржыр мэлъIуэ

Куржым къэрал щIыб IуэхуэхмкIэ и министрым и къуэдзэ Кадиндзе Нино зэрыжиIэмкIэ, Тбилисирэ Москварэ я Iуэхуэхэр зезыгъакIуэ Швейцарием и посольствэр къагъэсэбэпри, Урысейм къельэIуащ фокIадэ - щхьIуэгъуэ мазэхэм я щIыналъэм щалэжьа теракт хэр зи Iуэжьхэр къагъуэтыныжмкIэ ядэIэщIыкIуну.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, мы гъэ бжьыхьхэм Куржым бомбэ зыбжанэ къыщIагъэуащ, зыр - США-м и посольствэм пэгъунэгъуэу. Дыгъэгъазэм и 7-м Тбилиси щекIуэкIа брифингым къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ и министр Загуладзе Экъ щызыжIащ ар Урысейм и офицер Борисов Евгений илъэкъуэу. НэгъэущIу жыпIэмэ, бомбэхэр къэзыщэхуар, ахэр къэзыгъэуахэм ахъшэ сытар Урысейм и офицеру кьагъуэр. А Iуэхуэхэм япкъ иткIэ, Куржым щIыхуи 6 щаубыдащ, иджыри тIу кьалъыхьуэ. УФ-м и МИД-м жеIэ а псори щIы зэфэзэщу.

Куржыр щIолъэIу Абхъазым зыщщызыгъэпщкIужа Борисов Евгенийр абы и гъуса куржы щIалитIымрэ я ябыдау, я хабзэхъуэмэ лэжьакIуэ щыту пкырыупщIыхьыну.

Куржым, Швейцариемрэ и посольствэм и фIыгъэкIэ, Урысейм Iэригъэхьащ теракт хэм ятеуха щыхьэт тхылъ псори, зэрыыыдаузымкIэ официальнэ нотэ щIыгъуу.

НОБЭ

◆Урысей Федерацэм и къэрал фельдъегер Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

◆ Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэ дзэхэм (РВСН) я маХуэщ

◆ 1903 гъэм авиацэр къэхьащ.

◆Илъэс 240-рэ ирокъу нэмыщ композиторыщхуэ **Бетховен Людвиг** къызэралъхуэр. 1824 гъэм дунейм ехьжащ.

◆Бутан пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1907 гъэм яп э пащтыхь хахащ.

◆Дунейм и щытыкIэнур: «meteonocosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэ тельынущ, кьешхьес щыIэнукъым. Хуабэр махуэм градуси 6-м, жэщым градуси 5-м нэсынущ.

Плащыр зыхьхьэлэмыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуущ1ъэ:

Iитlрэ пэт, зэрымытхьэщIу зэрыщIэркъым.

● Абы дегъэпІейтей

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Лъэпкъ зэныкъуэкъухэр къэбгъэхъу хъунукъым

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм кытащ Москва и «Спартак» футболкомандэм и тельхъэхэм ящыщ Свиридов Егор зэрауІкІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен жиІар.

КъБР-м и Президентым гуауэ щыхъуащ Москва къыщыхъея зэзэуэм хэтахэм ящыщ зы зэрыхэкІуэдам кьыхэкІыу хэкум и кьалащхьэм щыІэ Манеж утым махуэ зыбжанэ япэкІэ хьэлэбэлыкьышхуэ кьыхэрыщыхьуам ди республикэм и Іуэхуш хэльу кьэпльытэ зэрыхъыжьыр, сыту жыпІэмэ щэпхьаджагъэ ялэжьауэ хуагъэфащэу яубыдажэм ящыщ зыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ.

Следствием кьыпэщытщ абы иЫыгъа зэрызахъумэжк Іэщэр кьыззригъэсэбэпар хабзэм кьеэзгърэ кьемыззэгрэ зэхигъэкІыну, абы Іэщэр кьыщІрихар кьытеуахэм защихъумэну. араУэ щытамэ, абы папщІэ илэжьын хуеяж иригъэлеярэ иримыгъэлярэ кьыщІигъэщыну. Іуэхур иджыпсту зэхагъэкІри, абы хэтхэм тракъуээну зыми хуитныгъэ иІэкъым. Псори законым зэригъэувам хуэдэу зэхагъэкІын хуейщ.

Республикэм и Іэтащхьэр Свиридов Егор и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ икІи, а гуэвэгъуэр кьагъэсэбэпурэ, язынкьуэхэм лъэпкъхэр зэфІагъэнэну зэрырытыныгъэр кьыззэпыудыным хуэунэтІауэ зэрыщытыр, апхуэдэ къэбгъэхъу зэрымыхъунур кьыхсегъэщхьэхкІ.

ПщыхЬэщІэ Іэнас Мусэ и къуэр

И ныбжьыр илъэс 44-м иту дыгъэгъазэм и 15-м хэкІуэдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ, муфтий ПщыхьэщІэ Іэнас Мусэ и къуэр.

ПщыхьэщІэ Іэнас 1967 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ рабочэ унагъуэм къыщалъхуащ. 1983 гъэм Налшык дэт курыт школ №11-р кьиуэри, ар а гъэ дыдэм щІэтІысхьащ Налшык дэт уэуакІуэ техникумым. 1985-1987 гъэхэм дзэм кьулыкъ щищІащ.

1989 гъэм щыщІэдзауэ 1991 гъэм нэсыкъ ПщыхьэщІэ Іэнас-хьэжьр КъБР-м щыщ Аруан районым хиубыдэ Чернэ Речкэ къуажэм и мусльымэнхэм я Имамму щытащ.

1991-1994 гъэхэм ар Хьэрыпьбзэмрэ дин щІэныгъэхэмрэ хуращаджэу Дамаск къалэм (Сирие) дэт институтым щІэсащ, 1998 гъэм Триполи къалэм (Ливие) дэт Дунейпсо илъам университетыр кьиуэхащ.

1998 гъэм абы Къэбэрдей-Балъкъэр илъам институтым егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ, 1999 гъэм а институтым и унафэщІым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу ягъэуващ.

2000 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ПщыхьэщІэ Іэнас Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым я дин Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьэн щІидзащ, 2002 гъэм а Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэм и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ кьралъхьащ.

2004 гъэм ПщыхьэщІэ Іэнас КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэу хахащ, 2009 гъэм аргуэру а кьулыкъым хахьжащ.

ПщыхьэщІэ Іэнас дин-хабзэ Іуэхуэхэм ятеуэху лэжьыгъэ куэдзи Іэдакъэм кьыщІикІащ, апхуэдэу дин Іуэхущ Іапіэхэм зэрыщрагъаджэ программэ хьэлэмэт зэхилъхьащ икІи ар кьэралым и ислъам еджапІэ нэхъыщхьэу ит псоми кьыщалъытащ.

Іэнас-хьэжьм куэд зэфІигъэкІащ республикэм ислъам диным зыщегъэужьныкмкІэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ятеуэІэтыныкмкІэ, Кавказ Ищхьэрэм зэпІэзэрыныгъэмрэ дин зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэныкІэ.

Абы кьрата тыгъэ куэдым ихэтщ Урысейм и муфтийхэм я советым «Дин зэкъуэтныгъэм папщІэ» и медалыр, Кавказ Ищхьэрэм и Мусльымэнхэм я ззэлигъэІуэ центрым кьыбгъэдэкІ «Жэмьхьтым я пащхьэ щІэ фІыщІэм папщІэ» медалым и етІуанэ нагъыщэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхьылъыр, нэгъуэщІхэри.

ПщыхьэщІэ Іэнас упафэщІ ІэкІуэльакІуэт, ныбжьэгъу пэжт, унагъуэлІт. Абы бынищ кьыщІэнащ.

Іэнас Мусэ и кьуэм и фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

Кьанокьуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Абрэдж І. Хь., Гертер И. В., Сэхъурокьуэ Хь. Хь., Уинаев К. Хь.-М., Ерэзн Т. Хьу., Къуэшырокьуэ З. Кь., Быкъыш Р. Хь., Бицу В. Г., Жаным Р. М., Бозий Н. М., Саенкэ Т. В., Кумыщ М. М., Тюбеев А. И., Пащты Б. С., Фыр Р. Б., Хьэгъэ З. А., Къудей А. М., Сыжажэ Хь. Л., Гриневич В. В., Зумакулов Б. М., Жажъуэ Хь. М., Хьэфыщ Э. М., Вэрокьуэ В. Хь., Беппаев С. У., Дзасэжь Хь. У., Бобылев В. Н., Шабаев Л. М., Канунников А. Д.

ЗэпэщІэувэныгъэр къыщежьэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м ЩІалэрыуалэм я Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрствэм дыгъэгъазэм и 14-м «СтІол хьурей» щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ иджыблагъэ Москва къыщыхьуэ нэщІэбжьым, абы кьрикІуэ Іуэхугъуэ хэм. Кьата хьыбарэм кьыззэрыхэщыкІэ, ди лъэхэгъу Шэрджэс Асльэн кьытеуахэм защихъумэурэ, Москва щыІэщІэкІуэдащ кьэралым и щыхьэрым и «Спартак» командэм кьыдэщІхэм ящыщ Свиридов Егор.

КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борис** зэІуэпІэр кьыщызэІуихым жиІащ УФ-м и кьалащхьэм кьыщыхьуа Іуэхугъуэм и хьыбарыр кьэралъ унафэщым и деж зэрыпэсар, щыху куэд зэрызэщІигъэпІэрщ, - жиІащ Людмилэ. - Пэжщ, щІыхь зыукІар сыт хуэдэ лъэпкъ кьыхэкІыри, сыт хуэдэ дин зэриихьэри щрети, хабзэм ешэлІапхъэщ, ауэ абы кьикІыркъым хэкум и щІалэгъуалэр зэпэщІэувэн щыІэ. Дэ фІы дыдэу кьыдогуроІуэ ныбжьыщІэхэр лъэгъуэ пэнжьм тебгъэувэныр зэрытыннщыр, абы ипкъ иткІэ дыхуэсакьынкъым хуейщ а ныбжьым итхэр Іуэху мыхъумыщІэ хэм щыхъумэным.

- Махуэ зыбжанэ и пэкІэ Москва кьыщыхьуа Іуэхуэр хуабжьу гъэбэтауэ ди пащхьэ кьраугъэщ, - жиІащ «Вече» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Канунников Александр.**- Апхуэдизу ар щІалэгъуалэм зэрыдимыІэрщ, армыхъумэ зэрыдимыІэрщ. Мы щІалэгъуалэм дакьым. Мы Іуэхум къэралыр властым гулытэ тэмэм зэрыхуимыщІым кьыхэкІкІэ, лІэщІыгъуэкІэрэ гъэпса хъуа лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ зэкІуэдэж.

- Москва кьыщыхьуа нэщІэбжьым апхуэдизу псалъэ куэд дигъэкІащ. Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІэм, федеральэ ведомствэхэм я кьудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэхэм я лІыкІуэхэм кьыхагъэщащ Соттаев Къурмэн гугъу зэрызригъэхьар.

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэм папщІэ Соттаев Къурмэн кьыззэхуэсахэм фыщІэ яхуищІащ. Апхуэдэу абы кьыхигъэщхьэхукІащ иужьрей илъэхэм районым щыІэзэфІагъэжІа лэ-жьыгъэшхуэр КъБР-м и Президент Къанокьуэ Арсен куэдкІэ и фІыщІэу зэрыщытыр.

ТАРИМ Алисэ.

ФЩІЭН ПАПЩІЭ: Малкаров Аслъэн Азрэт и къуэр 1968 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м кьалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академиер зооинженер Іэщ ІагъэмкІэ кьиухащ. 1993 - 1994 гъэхэм щылэжьащ Май районым щыІэ «Ленинцы» колхозым. Абы и ужькІэ Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэ Іл пажэу, Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ. Тырныауэ кьалэ жылагъуэм и щІыпІэ самоуправленэм и сессием и депутат щІэсащ. Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэм и кьиухащ. 1993 - 1994 гъэхэм щылэжьащ Май районым щыІэ «Ленинцы» колхозым. Абы и ужькІэ Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэм пажэу, Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ. Тырныауэ кьалэ жылагъуэм и щІыпІэ самоуправленэм и сессием и депутат щІэсащ. Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэм и кьиухащ. 1993 - 1994 гъэхэм щылэжьащ Май районым щыІэ «Ленинцы» колхозым. Абы и ужькІэ Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэм пажэу, Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ. Тырныауэ кьалэ жылагъуэм и щІыпІэ самоуправленэм и сессием и депутат щІэсащ. Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэщ Іагъэм и кьиухащ. Ар районым и щІыхь, предприятэхэмрэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ я унафэщІхэм пщІэшхуэ зыхуащІ щІыхуэ. Унагъуэщ, бынипл иІэщ.

● Къулыкъу

● Тхылъыщ Іэ

«Зауэ блэкІам и фэеплъ»

фІэщыгъэм щІэту иджыблагъэ дунейм кьытехьа тхылъыр Хэку зауэшхуэм ди кьэралым кьыщихьа ТекІуэныгъэм зи псэр щІэзыта дэтхэнэ зыми и фэеплъ жытІэкІэ, дыщыуэнкъым.

АР ЗИ ІЭДАКЪУЭ кьыщІэкІа Баранюк Юрий ди республикэм кьыщащІыху «Лыгъэр гум хэлъщ», «Хахуагъэмрэ Хэкур фІыуэ лъагъунымрэ я школ», «КІэфо зэкъуэшхэм я уэгур», «Зауэм хиубыда щІалэгъуэ», «Лъахэ щІыкІуэм зэрихьа лІыгъэ иныр», «Сталинград зыхъумахэр» зыфІицда тхылъ купщІафІэхэмкІэ. Зи гугъу тщІы иужьрей кьыдэкІыгъуэм очерк 20 ихуащ. Ахэр зытеухуар зауэм лІыгъэ щызезыхьа цІыхухэмрэ а мафІэ лыгъэйм хэта езым гукъинэж щыхъуа теплъэгъуэхэмрэщ. Тхылъым ихуа хъыбархэм куууэ ухагъэгъуазэ нэмыщ зэрыпхъхьаІуэхэм Хэкур къаІэщІэхьыжьым ехьэлІауэ Урысейм и щІыпІэ ягъэдым, Кавказ Ищхьэрэри хэту, щрагъэкІуэкІа бэнэныгъэ иным.

«Зауэ блэкІам и фэеплъыр» кьыщыдэкІар Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэрщ.

● Аруан куэй

ИлъэсыщІэ тыгъэ

ИльэситІ и пэкІэ Шытхьэлэ къуажэм кьыщыгъэжьауэ щытащ Щэнхабэзмкі унэ щыухуэныр. А лэжьыгъэр мы махуэхэм и кІэм нагъэсащ.

КУЖЭЖ курыт еджапІэм бгъуэрыту яухуа унэм спортым ухуаха пэшитІ хэту, зыхуей псомкІи кьыззэгъэпэщащ. Апхуэдэу мыбы щылэжьэнущ кьэфапІэ пэшитІ, библиотекэ, шхапІэ. ИльэсыщІэм ирихьэлІэу хьэзыр ящІа унэм и лэжьыгъэр сыт и щыІэкъэкІи хуэгъэпсауэ щытынущ Шытхьэлэ жылагъуэм лъэпкъ щэнхабзэр кьыщыІэтыжьынымрэ кьыдэкІуэтей щІэблэр щыхъуа кьыдекІуэкІын хуей дахагъэм щІэпыкІынымрэ. Школымрэ Щэнхабзэмкі унэмрэ зэрызэбгъэдэтри сэбэпышхуэ егъэджакІуэхэрэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэмрэ зэкъуэту щІэблэм я нэІэ трагъэтынымкІэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм исхэр хуабжьу тогуэвыхь ди Хэкум и кьалащхьэ Москва иджыпсту щекІуэкІэхэм.

Национализт гупэхэм ящыщхэм, зэхуагъэм щІэбэныныр тегъэщІапІэ ящІырэ, Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щыщхэм я бийуэ зэкъуэузващ икІи езыхэм зэремыщхь кьудейм фІэкІ нэгъуэщІ лажьэ зимыІэ щІыхухэм залымыгъэ кІэлъыззэрахащ.

Иджыпсту аэрэ хущІокьу Урысейм и щІыхухэр зэпэщІагъэувэурэ, хабзэм кьемызэгъ апхуэдэ Іуэхухэм Іэмал зэриІэкІэ щІалэгъуалэ нэхъыбэ хашэурэ, Москвэрэ я кьэралым и нэгъуэщІ кьалэхэмрэ зэрыхьэрийхэр кьыщаІэтыну.

Дэ зэщыдгъэгъупщэ хьунукъым ильэс 65-р ягэкІэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ щІыху мелуанэм фашизмэм и емынэ узым текІуэн папщІэ я псэр зэратэр. Ар псомкІи зэхуэдэ ТелкІуэныгъуэ щытащ.

Дэ, фашизмэм текІуа кьэралым иджыпсту исхэм, ди кьалэнщ неонацизмымрэ национал-шовинизмымрэ я иджырей щІэпхьаджагъэхэм кьыкІуэт Іуэныгъэмрэ зэкІуэдэж.

Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ лІыкІуэхэм, дыдоІыгъ Москва кьыщыхьуа лейм хабзэм тету унафэ зэрытещІыхьыпхъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий жиІаэр. Хабзэншагъэ Іуэхуэхэр зыгъэкьаэхэр жэуап ткІийм ешэлІэн хуейуэ кьыдольытэ.

Дэ Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуалэр апхуэдэ хабзэншагъэхэм я жэуапу хэмыльэдэну, зэпІэзэрыныгъэ ях эльыну кьыхуодожь!

Урысейр ипэкІи куэд щыпсэу, дин куэд щызэрахьэ кьэралу щытащ, ноби апхуэдэу кьоиэ! Аращ абы и кьулеигъэ нэхъыщхьэр!

● Прохладнэ куей

ЕджапІэм и унащхьэр зэрахъуэкІ

Прохладнэ районым хыхьэ Альтуд кьуажэм и сабий гъэсапІэ №1-м кьхьаэ хьуа, метр зэбгъуэзнатІэ 1500-р эхъ и унащхьэм шиферыщІэ хутралъхьащ. А Іуэхум муниципальнэ бюджетым сом І мелуаным щІигъу хухихащ.

«АГРОСТРОЙСЕРВИС» подрядэ организацэм и лэжьакІуэхэм ятеуэху лэжьыгъэ ящыщ щыкІэ унащхьэм пхъэ тралъхьэри, мафІэм щызыхъумэ зэхэщІар абы щахуэри, итІанэ шиферыр тралъхьащ. Унащхьэм и Іуэрыеягъкі экІуэкІыу, фундаментыр уэшхым, уэс текІуэм щызыхъумэ хъэкхъуафэхэр, псы зрижэ бжьамийхэр ягъэуващ.

Гъэсапіэм и унафэщІ Мэремыкьуэ Маргаритэ кьыззэрыхигъэщамкІэ, щІыпІэ унафэщІхэм я гулытэмрэ хууакІуэхэм лъэжьыгъэхэр фІагъ хэлъу икІи псынщІэу зэрызэфІагъэкІамрэ кьыхэкІыу, сабий садым и унэр уэшхымрэ уэсымрэ ящызыхъумэ, пІалъэ кІыхьым хуэщІа унащхьэкІэ іджы кьызэгъэпэща хьуащ.

Егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэр зэгъэпэщ ыжьымиІ, бжьамийхэр, псы щІэжьпІэхэр зыхуей хуэгъэзэным, унащхьэхэр зэхьэжІыным, нэгъуэщІ зи чэзу лэжьыгъэхэр зэфІэкІыным муниципалитетым нэгъабэ сом мелуани 5-м щІигъу хухихащ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндж.

● Дзэлыкъуэ куей

Зэныбжьэгъуэхэр зэпэІэбэмэ

«ФІы щІэ» кьыхуедджэныгъэм щІэту ирагъэкІуэкІа мазэ дэжьыгъэм къыпэкІуа мылъкумкІэ Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и сабий къудамэм и зы пэщ зыхуей хуагъэзащ.

БЛЫНХЭМ щІэуэ обойхэр кІэрашхащ, иджырей зэрагъэпЫ Іэмэпсымэхэр щІагъэуващ, бжэ-щхьэгъубжэхэр щэкІэ зэрахъуэкІащ, лъэгуэ Іиралъхьащ. Апхуэдэуи телевизор щІагъэуващ, ар зытетыр, щэнтхэр, сІолуір технологиемкІэ егъэджакІуэхэм ящІащ. Пэшыр егуГуу зэзыгъэпэщыжар программэм и лейуэ сабийхэм щадэлажьэ Іуэхущ Іапіэм и егъэджакІуэхэрэщ.

«ФІы щІэ» мазэ лэжьыгъэр сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэІэм щІэмыт, унагъуэ хуэмыщІахэм кьыхэкІа цІыкІуэхэм зыщІагъэкьуэн мурадкІэ кьызэрагъэпэщауэ щытащ. Апхуэдэ жэрдэмыр кьыхалъхьат Дзэлыкъуэ районым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм сабий зеиншэхэм и нэІэ ятеэыгъэт и кьудамэм, Іуэхуф Іыр яди Іыгъащ щІыпІэ адміністрацэм и унафэщІ Шэт МэчрэІили.

А мазэм кьриубыдэу «Ныбжьэгъуэ и Іэ» фІэщыгъэм щІэту районым и курыт школхэм щекІуэкІащ щІыб лъэжьыгъэхэр, гъэсэныгъэ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр, щыгъынхэр, ерыскъыгъуэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр, тхылъхэр щызэхуахьэс марафон. Псори кьызэщІакъуэжу, мазэм и кІэм псапащІэ концерт ирагъэкІуэкІащ, районым и творческэ гупхэр, художественнэ самодеятельностым и артистхэр хэту.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

● Дзэлыкъуэ куей

ЩІэпхъаджащІэхэм къащІэкІуакъым

КъБР-м щыІэ УФСБ-м, МВД-м я Іэнатіэ щхьэхуэхэм лэжьыгъэ хэха ирагъэкІуэкІыу дыгъэгъазэм и 14-м сыхэти 6-м Нарткъалэ щаукІащ Аруан куейм щыІэ щІэпхъаджащІэ гупым жьыджэр хэт щІэпхъаджащІитІ.

Ахэр кьэралым кьыщалъхьуэ, «Аруан жэмыхьэткІэ» зэдждэм и пашэ, Къэхъун кьуажэм щыщ, 1985 гъэм кьалъхуа Хьэхъупащ Жырасльэнрэ 1990 гъэм кьалъхуа налшыкдэс Амщокъуэ Кьантемыррэщ. КьищьнэмыщІауэ, ахэр ящыщщ КъБР-м и щІыхухэм ехьэлІауэ щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зылэжьаэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я теуахэм.

БзаджащІэхэр Нэгумэм и уэрамым тет унэхэм ящыщ зым кьыщагъэтащ. Зыкъатыну хуагъэува щхьэкІэ, Іэщэкі кьапэуващ. А зэныкъэкъум ахэр щаукІащ. Абыхэм я щІэгъэкъэгъуэ щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыхуитІ яубыдащ.

Іуэхур кьыщыхьуа щІыпІэр кьыщапщытэм, кьагъуэтащ Іэщэр абы и Іэмэпсымэ куэдрэ. Хабзэхьумэхэм фэбжь зыгъуэта яхэткъым.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

КъБР-м и Хабзэхьумэ Іэнатіэхэм Зыуэщыт я хъыбарегъащІэ центр.